

BAB III

METODÉ PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Metodé nya éta cara anu kauger jeung puguh tujuanna pikeun ngahontal maksud (dina élmu pangaweruh). Sakabéh hal dina métode, kaatur pikeun ngagampangkeun prak-prakan kagiatan dina ngahontal tujuan nu tangtu (KBBI, 1998, kc. 652). Metodé panalungtikan nya éta cara pikeun ngungkulan masalah panalungtikan anu dilaksanakeun sacara taliti sarta nyusun, pikeun nyangking fakta tuluy nyindekkeun sangkan bisa maham, ngaramalkeun, ngajelaskeun, sarta ngatur kaayaan. Métode disebut ogé cara pikeun maham sarta neuleuman objék anu jadi sasaranna (Syamsuddin jeung Damayanti, 2007, kc. 14).

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtikna ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkem ma'nana (Moleong dina Arikunto, 2010, kc. 22).


Tujuan poko tina panalungtikan kualitatif nya éta ngagambarkeun, neuleuman, sarta ngajelaskeun *fenoména* anu ditalungtik. Pamahaman ngeunaan éta hal bisa dicangking ku cara ngadéskripsikeun dina wangun narasi. Bodgan jeung Taylor dina Ratna (2010, kc. 94) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif téh ngahasilkeun data déskriptif dina wangun kecap-kecap, boh sacara lisan boh sacara tinulis.

Ku kituna, métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta métode déskriptif. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 3) kecap déskriptif asalna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajelaskeun hiji hal, misalna kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa hal séjén anu hasilna dijelaskeun dina wangun laporan panalungtikan. Metodé déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun struktur dina kasenian Réak/Japlok di Kecamatan Rancaékék.

Désain panalungtikan nya éta bagan guluyurna tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Désain dina rarancang

panalungtikan antukna bisa nyiptakeun hiji logika. Désain anu digunakeun dina ieu panalungtika bisa katitén dina ieu bagan di handap.

Bagan 3.1 Désain Panalungtikan



3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

Panalungtikan ngeunaan struktur pintonan kasenian Réak/Japlok ngagunakeun téhnik kualitatif. Nurutkeun Lofland dina Moleong (2007, kc. 157) sumber utama dina panalungtikan kualitatif nya éta kekecapan jeung kalakuan, saterusna mangrupa data tambahan saperti dokumén, jrrd. Anu jadi sumber data atawa sumber informasi dina ieu panalungtikan nya éta jalma anu dianggap kokolot/sesepuh di éta lembur jeung jalma anu apal kana éta tradisi ti jaman baheula tepi ka ayeuna, ogé buku sumber nu patali jeung ieu panalungtikan.

Dumasar kana éta hal, data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- a. Kekecapan sarta kalakuan ti informan nu diwawancara anu mangrupa sumber data utama. Sumber data utama ditulis, direkam, atawa difoto. Data hasil panalungtikan mangrupa hasil kagiatan ningali, ngaregepkeun, jeung wawancara. Moleong (2007, kc. 158) nétélakeun yén panalungtikan dilaksanakeun dina kaayaan sadar jeung puguh topikna, puguh topikna lantaran teu sakabéh informasi nu aya bakal ditalungtik, kudu luyu jeung rumusan masalah.
- b. Sumber atawa référénsi tinulis anu miboga katégori ilmiah, upamana buku, skripsi, buku terbitan pamaréntah, jurnal ilmiah, sumber informasi di lembaga pemerintahan, jrrd.
- c. Foto magrupa data panalungtikan anu biasana dipaké dina panalungtikan sangkan hasilna bisa dianalisis. Kiwari lantaran téknologi geus beuki maju, sumber data panalungtikan lain ukur foto, tapi bisa wangun rékaman sora atawa rékaman vidio. aya dua katégori foto nu bisa dimangpaatkeun dina panalungtikan, nya éta foto hasil moto batur, jeung foto hasil moto panalungtik (Bogdan jeung Biklen dina Moleong, 2007, kc. 160).
- d. Data statistik mangrupa sumber data tambahan pikeun panalungtikan sangkan data nu dipaké akurat. Data statistik bisa méré informasi ngeunaan komposisi masarakat tina wanda umur, *gender*, agama, pakasaban, kahirupan sosial, ékonomi, jrrd.

3.2.1 Informan

Panalungtikan struktur kasenian Réak/Japlok di Kecamatan Rancaékék, Majalaya, sarta di kecamatan Rancaékék Kabupatén Bandung ngagunakeun téhnik anu nangtukeun tujuan sarta jumlah sampel dumasar kana udagan husus, anu teu méngpar tina ciri-ciri sampel anu ditangtukeun. Kritéria informan dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- a. Urang jero atawa asli warga Kecamatan Majalaya jeung Rancaékek sarta warga di sabudeureunana.
- b. Boga kalungguhan husus dina widang kabudayaan, hususna dina kasenian Réak/Japlok.
- c. Individu nu sadia méré informasi nu dibutuhkeun.

Tabél 3.1 Informan anu jadi sumber data dina panalungtikan

No.	Wasta	Jenis kelamin	Umur	Agama	Kalungguhan
1	Muhamad Romli	Lalaki	34 taun	Islam	Palaku sarta tokoh masarakat anu apal kana kasenian Réak/Japlok.
2	Sain	Lalaki	66 taun	Islam	Pupuhu sanggar Réak/Japlok.
3	Saeful Muminin A.S.	Lalaki	21 taun	Islam	Pamaén/palaku kasenian Réak/Japlok.
4	Dede	Awéwé	41 taun	Islam	Pupuhu Sanggar Réak
5	Ojo	Lalaki	50 taun	Islam	Pamaén Réak/Japlok

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Kecamatan Rancaékék mangrupa salah sahiji kecamatan anu aya di Kabupatén Bandung, Provinsi Jawa Barat. Puseur Kecamatan Rancaékék jauhna kira-kira 43 kilometer ti puseur Kabupatén Bandung. Kecamatan Rancaékék ngawates jeung sababaraha Kecamatan, di belah kalér ngawates jeung Kecamatan Jatinangor Kabupatén Sumedang, di belah kidul ngawates jeung kecataman Solokan Jeruk, di belah kulon ngawates jeung Kecamatan Cileunyi, sedengkeun ti belah wétan ngawates jeung kecamatan Cicaléngka. Dumasar kana administratif, kecamatan Rancaékék mangrupa salah sahiji kabupatén Bandung. Kecamatan Rancaékék miboga luas wilayah 4.329,50 hektare;/43,295 km²; anu kabagi jadi 13 Désa, nya éta Bojongloa, Bojongsalam, Cangkuang, Haurpugur, Jelegong, Linggar, Nanjungmekar, Rancaekek Kulon, Rancaekek Wetan, Sangiang, Sukamanah, Sukamulya, jeung Tegalsumedang. Jumlah penduduk di kecamatan Majalaya téh nya éta kurang leuwih aya 160.435 jiwa.



Gambar 3.1

Peta Kabupatén Bandung



Gambar 3.2
Peta Kecamatan Rancaekek

Alesan Kacamatan Rancaekek Kabupatén Bandung dijadikeun tempat panalungtikan nya éta:

- 1) Ieu tempat mangrupa sumber informasi ngeunaan kasenian Réak/Japlok anu aya di kabupatén Bandung.
- 2) Di ieu tempat masih aya kénéh anu nanggap kasenian Réak/Japlok najan teu saeutik warga anu mikanyaho ngeunaan ieu kasenian.

3.2.3 Kondisi Sosial Budaya

1. Kependudukan (Démografi)

Nurutkeun data dina monografi kecamatan Rancaékék taun 2014, jumlah penduduk kecamatan Rancaékek nya éta 160.435 urang.

Tabél 3.2

Jumlah penduduk kecamatan Rancaékék

No.	Jenis Kelamin	Jumlah
1.	Laki-laki	82.609
2.	Perempuan	77.028
Jumlah		159.097

Sumber: Monografi Rancaékék Taun 2014

2. Pendidikan

Tina atikan, masarakat Kecamatan Rancaékék paling loba mangrupa lulusan SLTA. Tapi beuki ka dieu jenjang pendidikan masarakat Kecamatan Rancaékék tangtu ngalaman kamajuan. Éta hal bisa katitén tina data di handap.

Tabél 3.3

Jenjang pendidikan masarakat Kecamatan Rancaékék

No.	Jenjang Pendidikan	Jumlah
1	SD	29.192
2	SMP	26.790
3	SMA	36.012
4	Perguruan Tinggi	10.953
5	Teu tamat SD	7.456
Jumlah		110.412

Sumber: Monografi Kecamatan Rancaékek Taun 2014

3. Pakasaban

Masarakat Rancaékék nya éta masarakat agraris, ku kituna loba kénéh masarakat anu pakasabanana buruh tani, loba ogé anu geus ninggalkeun kagiatan tani ku sabab geus loba pabrik di daérah Kacamatan Rancaékék. Salian ti tani

Bella Utari N. S., 2017

STRUKTUR PINTONAN KASENIAN RÉAK/JAPLOK DI KECAMATAN RANCAÉKÉK
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung buruh, aya ogé anu jadi PNS, wiraswasta, jeung sajabana. Data lengkepna bisa katitén tina tabél di handap

Tabél 3.4

Pakasaban masarakat Rancaékék

No.	Pakasaban	Jumlah
1	Widang Komunikasi (wartel, warnet, jsb,)	492
2	TNI/POLRI	927
3	Hotel jeung Restoran	305
4	Angkutan	1.436
5	Pertambangan dan Penggalian	296
6	Industri Pengolahan	28.011
7	Pegawai Negeri Sipil	5.358
8	Bangunan/Konstruksi	2.943
8	Tani	12.239
9	Perikanan	73
10	Kehutanan	2
11	Tanaman Bahan Makanan	1.053
12	Perkebunan	6
13	Peternakan	274
	Jumlah	53.415

Sumber: Monografi Kecamatan Rancaékék Taun 2014

4. Agama

Nurutkeun data monografi nu panganyarna, taun 2015, aya 3 agama nu diagem ku masarakat Kecamatan Rancaékék. Éta data bisa katitén tina tabél di handap

Tabél 3.5
Agama masarakat Kecamatan Rancaékék

No.	Agama	Jumlah
1	Islam	151.855
2	Kristen	642
3	Katolik	110
4	Hindu	2
5	Budha	16
Jumlah		152.625

Sumber: Monografi Kecamatan Rancaékék Taun 2014

5. Basa anu digunakeun

Dumasar informasi anu kacangking ti kantor Kecamatan Rancaékék, sacara umum basa nu digunakeun sapopoéna pikeun komunikasi nya éta basa Sunda, tapi sakapeung mah sok ngagunakeun basa Sunda ogé.

6. Sosial Budaya

Kaayaan sosial budaya masarakat di Kecamatan Rancaékék geus mimiti ngaheureutan ku sabab kabawakeun ku kabiasaan-kabiasaan anyar anu datangna bisa ti rupa-rupa hal, misalna tina pakakas élektronik anu beuki dieu beuki loba nyumebar lain ngan ukur mawa mangpaatna, tapi ogé sarta kahéngkérana. Lian ti pakakas élektronik aya ogé nu bisa jadi hal anu ngarubah sosial budaya masarakat nya éta tina pangaruh kabiasaan hirup jaman modern masarakat kota.

Di saluareun hal anu diébréhkeun di luhur, aya kaayaan sosial budaya anu masih kénéh ditanggap, najan henteu di unggal daérah Rancaékék aya sarta mikanyaho kana kaayaan ieu kasenian, nya éta kasenian Réak atawa Réak/Japlok. Dumasar kana sajarahna, kasenian Réak/Japlok mangrupa kasenian anu mimiti ayana minangka simbol kadigjayaan Pajajaran. jaman baheula karajaan Pajajaran ‘béntrok’ jeung Majapahit, anapon kasenian Réak/Japlok aya téh pikeun *strategi* perang nu dipiboga ku Pajajaran.

3.3 Ngumpulkeun data

3.3.1 Instrumen Panalungtikan

Sugiyono (2012, kc. 102) nétélakeun yén instrumén panalungtikan téh nya éta alat ukur dina prosés panalungtikan, salaku alat anu digunakeun pikeun ngukur *fénoména* alam jeung *fénoména* sosial anu ditalungtik. Sacara husus éta *fénoména* téh disebut variabel panalungtikan.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta catetan lapangan, pedoman wawancara, sarta alat rekam (*handphone*, jeung kaméra). catetan lapangan jeung pedoman wawancara nya éta catetan leutik sarta runtuyan pananya nu bakal ditanyakeun ka narasumber ngeunaan objék anu ditalungtik. Dina ieu pedoman wawancara biasana ngawengku idéntitas réspodén sarta poko-poko Kecamatan Rancaékék anu baris ditanyakeun ka narasumber ngeunaan objék anu rék ditalungtik, nya éta ngeunaan tradisi ngaruat jagat anu aya di Kecamatan Rancaékék, anu baris diulik ngeunaan sémiotikna. Narasumber anu diwawancara kudu ditulis idéntitasna. Informan dipilih dumasar kana tinimbangan husus. Di antarana miboga kalungguhan husus di Kecamatan Rancaékék jeung sabudeureunana, sarta sadia méré informasi anu dibutuhkeun pikeun panalungtikan. Poko-poko patarosan anu digunakeun téh nya éta gurat bagadna hungkul anu ditulis dina wangun pernyataan, patarosan-patarosan anu ditanyakeun téh leuwih ngalegaan luyu jeung kaayaan atawa situasi wawancara. Ieu poko-poko Kecamatan Rancaékék anu ditulis dina wangun pernyataan téh gunana sangkan naon-naon anu ditanyakeun téh henteu mengpar tina objék anu rék ditalungtik. Format laporan wawancara panalungtikan sarta poko-poko Kecamatan Rancaékék téh bisa ditingali dina tabél di handap.

Tabél 3.6
Pedoman Wawancara Terbuka

No	Titimangsa Wawancara : Ngaran Narasumber : Alamat : Umur : Atikan : Pakasaban :
1.	Naon waé pakakas/properti anu dipaké dina prak-prakan nanggap Réak/Japlok?
2.	Naon fungsi dina masing-masing éta peoperti teh?
3.	Kumaha prak-prakanana nanggap Réak/Japlok téh?
4.	Saha waé anu bisa icikibung dina nanggap Réak/Japlok téh?
5.	Dumasar kasang tukangna, Réak/Japlok téh ditanggap nalika aya kajadian naon waé?
6.	Naha aya hal-hal anu dipahing nalika nanggap Réak/Japlok?
7.	Naon harti tina masing-masing runtuyan prak-prakann nanggap Réak/Japlok?
8.	Naon ma'na anu nyampak dina struktur pintonan Réak/Japlok sacara umum?

- a. Pananya ngeunaan kasenian Réak/Japlok di Kecamatan Rancaékék Kecamatan Rancaékék Kabupatén Bandung.
1. Kumaha sajarah ayana kasenian Réak/Japlok?
 2. Iraha pelaksanaanana kasenian Réak/Japlok di Kecamatan Rancaékék?
 3. Dimana tempat ngalaksanakeun kasenian Réak/Japlok téh?

4. Kumaha runtuyan sarta prak-prakan kasenian Réak/Japlok?
5. Saha palaku utamana dina nanggap kasenian Réak/Japlok téh?
6. Saha waé palaku panambahna?
7. Naon tujuan jeung mangpaat diayakeunana kasenian Réak/Japlok di Kecamatan Rancaékék?
8. Naon waé kalengkepan/properti anu kudu diayakeun nalika nanggap kasenian Réak/Japlok?
9. Ma'na naon waé nu nyampak dina pakakas sarta runtuyan acara kasenian Réak/Japlok?

b. Format laporan wawancara saperti ieu di handap.

- Idéntitas informan

Wasta :
 Jenis kelamin :
 Umur :
 Kalungguhan :
 Alamat :
 Pakasaban :
 Atikan :

2) Alat Rekam

Alat rekam anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kaméra pikeun moto, sarta handphone pikeun ngarekam sora.

a. Kaméra

Kaméra digunakeun salaku alat pikeun nyokot gambar atawa ngadokuméntasikeun data-data anu sipatna penting.

- Kaméra Digital

b. *Handphone*

Handphone digunakeun pikeun ngarekam caritaan atawa data-data hasil wawancara ngeunaan objék panalungtikan.

- Asus Zenfone 5

Bella Utari N. S., 2017

STRUKTUR PINTONAN KASENIAN RÉAK/JAPLOK DI KECAMATAN RANCAÉKÉK
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

a. Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun bahan-bahan tulisan anu gunana pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan.

b. Téhnik Obsérvasi

Marshall dina (Sugiyono, 2010, kc. 316) ngajelaskeun yén dina obsérvasi panalungtik bakal diajar ngeunaan paripolah sarta ma'na tina éta paripolah. Obsérvasi ngeunaan tradisi ngaruat jagat di Kecamatan Rancaékék dilakukeun ku cara nitéan dokuméntasi sarta lumangsungna acara atawa hal nu aya patalina jeung panalungtikan.

c. Téhnik Wawancara

Wawancara mangrupa kagiatan komunikasi antara dua jalma atawa leuwih pikeun néang informasi sarta idé ngaliwatan kagiatan tanya jawab nepi ka kapanggih ma'na tina hiji topik. Pamadegan Esteborg (dina Sugiyono, 2010, kc. 317).

d. Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta salaku panglengkep kana kaabsahan ieu panlungtikan anu digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun prak-prakanana éta panalungtikan. Sugiyono (2010, kc. 329) nétélakeun yén hasil panalungtikan bakal leuwih bisa dipercaya upama dieuyeuban ku foto atawa karya tulis akademik jeung seni nu geus aya saméméhna.

3.4 Téhnik Analisis Data

Sakabéh data anu geus ditéangan saterusna dihijikeun sarta dipilah-pilah. Data anu geus dikumpulkeun éta tuluy dianalisis maké téhnik unsur langsung. Téhnik analisis unsur langsung léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

1. Nitéan deui data anu geus dikumpulkeun.
2. Nyieun papasingan data hasil panalungtikan.
3. Nganalisis data
4. Ngadéskripsikeun data.
5. Nafsirkeun sarta nyieun kacindekan.